Ассаламу гІалайкум!

# АХИХЪАН

№ 21 (7370)
16 Май 2019 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Аппараталъулаб совещание



13 маялда районалъулаб райадминистрациялда букІана иргадулаб аппараталъулаб совещание. Гьенир гІахьаллъана росабазул бутІрул, учреждениял-организациязул нухмалъулел, администрациялъул хІал-тІухъаби.

ХІалтІулаб дандчІвай байбихьана арал Маялъул праздниказул хІасилал гьариялдасан. Бихьизабуна районалда хасго Генуб «Хвел гьечІеб полкалъул» иналъул, МахІачхъалаялда гьебго полкалда райадминистрациялъул гІолилазулгун хІалтІи гьабиялъул отделалъул начальник А. МухІастановасул нухмалъиялда гьоркь районалдаса 30 вакилас гІахьаллъи гьабиялъул. Гьенибго бетІерас тІадчІей гьабуна районалда праздникалъулал тадбирал гІуцІадго анилан.

Хадуб букІана Шамильхъала поселокалъул М-ХІ. ХІажиевасул ва Унсоколо росдал администрациялъул бетІер ХІ. ГІабдулаевасул 2018 - 19 соналъул араб заманалда гьабураб хІалтІул суалал.

«2018 соналда батІи-батІиял суалалгун администрациялде рачІана 1000ялдаса цІикІун чи. Аслияб къагІидаялда гьезул суалал хъатІулаан ракьал-рукъзал тІадхъваялда, ракь хІалтІизабиялда. Нижер адресалда районалъул прокуратураялде рачІарал 5 гІарзаялъе жаваб кьуна. 100ялдаса цІикІкІараб квартираялъе пачалихъияб ва кадастровияб свидетельство кьуна» - ян бихьизабуна М. ХІажиевас жиндирго докладалда. Гьединго гьес бицана бюджет хІалтІизабураб куцалъул, 2019 соналда гьабулеб бугеб хІалтІул.

Гьабураб хІалтІул хІисаб кьуна ХІ. ГІабдулаевасги.

Хадуб ГІ. НурмухІамадовас, гьесул замаз, райадминистрациялъул отделазул начальниказ суалал кьуна бутІрузе. Къокъго абуни Шамильхъалаялъул ва Унсоколо росдал администрацияз гьабураб хІалтІуе лъикІаб къимат кьуна.

Данделъиялда бицана районалда 17 маялда букІине бугеб ифтар гІуцІиялъул. Гьенир гІахьаллъизе руго 500ялде гІагарун чи. Гьеб гІуцІадго иналъе жавабияле тІадкъаялги кьуна данделъиялда.

## Лъималазул сахлъи щула гьабиялъе

Аслияб темалъун гьал къоязда тІобитІараб данделъиялъул букІана лъималазул риидалилаб сахлъи щула гьабиялъул компаниялде гьабулеб хІадурлъиялъул. ГІиса НурмухІамадовасул нухмалъиялда гьоркь тІобитІараб данделъиялда гІахьаллъана бетІерасул замал, ДЮШСалъул нухмалъулелги.



Данделъиялда кІалъалаго ГІ. НурмухІамадовас бихьизабуна риидал лъималаз хІалхьи гьабулел бакІазда аслияблъун кколин лъабго суал: сахлъи щулалъи, лъималазул гьира-цІа цІикІкІин, гьезие хІинкъи гьечІолъи букІин.

«Гьабсоналда лъималазул сахлъи щула гьабиялда районалда хІалтІизе буго 4 учреждение. Гьелъ жанире рачине руго 2040 лъимер. Гьел ккола Унсоколо школалда цебе бугеб 500 лъимералъ хІалхьи гьабизе бугеб «Радуга», Шамильхъала школалда цебе бугеб 600 лъимадуе бакІ бугеб «Дружба» лагерал, «Сосна» - ГІашилтІа рохьоб бугеб 700 чияс хІалхьи гьабулеб сахлъи щула гьабиялъул комплекс ва Унсоколо росдада тІад бугеб «Турист»- 250 лъимералъ хІалхьи гьабулеб стационарияб лагерги. Гьенибго ГІиса НурмухІамадовас бихьизабуна гьенире къабул гьарулин рокъосан захІматаб хІал бугел лъимал, НВФялъул членазул, цогидалги учеталда ругел лъималги ,- абун. Гьединазе тарбия кьеялде кІвар кьолин. КІвар кьун бицана щибаб лагералда пульталъ хІалтІизабулеб цІа ккеялъул иш кколеб сигналияб система бугин. Сменаби хІалтІизе руго 10 июлалдаса нахъе. ГьабсагІаталда лагеразда унеб буго санитариябгун эпидемиологияб тІалабал тІуралеб хІадурлъи бугищали хал гьабулеб ведомствабазда гьоркьосеб экспертазулаб комиссиялъул хІалтІаби.

## Юсупов МухІамад Баширович - «Унсоколо район» МОялъул депутатазул Собраниялъул председатель



Гьаб соналъул 7 маялда «Унсоколо район» МОялъул депутатазул собраниялъул председательлъун вищана Юсупов МухІамад Баширович. Гьев гьавуна РДялъул Унсоколо районалъул Генуб росулъ 1961 соналъул 5 марталда.

1979 соналда лъугІана Генуб гьокьохъеб школа. 1986 соналдаийн абуни лъугІана Воронежалъул технологиялъул институт ва 1986 – 1989 соназда хІалтІизе витІана Нижегородское областалъул Чугуновский спирталъулаб заводалде бетІерав инженерлъун. 1991 соналда хІалтІана «ЧІикІабГЭСстроялъул» ОАОялъул ПТОялъул Управлениялъул энергохозяйствалъул инженерлъун. 1996 – 1997 соназда вукІана ЧІикІабГЭСстроялъул» ОАОялъул маркетингалъул предприятиялъул мате-риалиябгун техникияб хьезариялъул отделалъул начальниклъун, 1997 – 2001 саназда – «ЧІикІабГЭСстроялъул» ОАОялъул энергохозяйствалъул Управлениялъул участкаялъулав начальник. 2001 – 2006 саназда хІалтІана «СулахъЭнерго» ОАОялъул энергосбыталъул ведущий инженелъун, гьединго 2003 – 2006 саназда вукІана «СулахъЭнерго» ОАОялъул электросетазул эксплуатациялъул ва ремонталъул организациялъул тІоцебесеб котегориялъул инженерлъун, 2006 – 2019 саназда вуго Генуб ОООялъул директорлъун. ВукІана Унсоколо районалъул тІоцебесеб ахІиялъул Собраниялъул депутатлъун, 2016 соналдаса нахъе «Унсоколо район» МОялъул депутатазул Собраниялъул депутатлъунги.

Гьал къоязда вакиллъиялъул заман лъугIиялда бан «село ЦIатIанихъ» МОялда рищиял тIоритIана. Кондидатал тIаса рищун рукIана районалъул депутатазул Собраниялъул конкурсалъулаб комиссиялъул бихьизабиялда рекъон.

Росдал депутатазул Собраниялъул заседаниялъул хIасилазда рекъон кIиго кандидатасдасан; Сайпулаев НурмухIамад Сайпулаевичи, Мусаев МухIамад ГIалиевичи рукIана. Вищана НурмухIамад Сайпулаев.

Рищиялъул комиссиялъ ракI-ракIалъ баркулеб буго Н. Сайпулаевасда бергьенлъи ва гьарулеб буго гьабулеб ишалъулъ цебетIей.



# Росабазул бутIрулги гIахьаллъун



Гьал къоязда районалъул администрациялда букIана росабазул бутIрул гIахьаллъараб данделъи. Гьенир гIахьаллъана бетIер ГI. НурмухIамадов, гьесул зам. М. ХIамзатов, районалъул ОМВДялъул нач. С. ХIажиев ва цогидалги.

Къойил балагьиялде босун букIана Бергьенлъиялъул праздникалда хурхарал ва ТIолгороссиялъул перепись тIобитIиялъул суалал. Бихьизабуна учатстковиялгун цадахъ щибаб азбаралде лъугьун хIалтIи гьабизе ккей. Гьеб хIалтIи районалъул росабаль унебги буго. Гьенибго гIахьаллъараз суал борхана халкъиял дружиннабазул командиразул сиярI цIилъизабиялда хурхун.

# ЦIулада рикIарал накъищал



ХI. ГьазимухIамадовасул «меседил» квераз дунялалъего Дагъистаналъул бицана

28 апрелалда МахIачхъалаялда, Поэзиялъул театралда данделъун рукIана Дагъистаналъул халкъияв художник, ДГПУялъул профессор ХIамзат ГьазимухIамадовасда иргадулаб шапакъат баркизе гьесул гьудулзаби, лъале-хъвалел, гIага-божарал.

«ГIагараб Дагъистан» жамгIияб гIуцIиялъ гьесие кьуна «Миллияв бахIарчи»,- абураб цIарги меседил цIваги.

Художникасул гIумроялъул ва творчествалъул, гьесулгун бугеб гьудуллъиялъул хIакъалъулъ бицана Дагъистаналъул халкъияб магIишаталъул университеталъул хIурматияв президент ХIамид Бучаевас. Гьединго ХIамзатида тIадегIанаб шапакъат баркана Дагъистаналъул журналистазул Союзалъул председатель, «ХIакъикъат» газеталъул бетIерав редактор ГIали Камаловас, цадахъ хIалтIулел ругез ва цадахъ цIалулел рукIараз.

ХIамзат ГьазимухIамадовасул асараз асир гьаруна батIи-батIиял пачалихъабаздаса гIадамал. ЦIулада «рухIги лъун» гьес гьарурал тIагIелал жакъаги руго кIудияб къадру-къиматалда. Москваялда тIобитIана гьесул хIалтIабазул щуго выставкаги.

БатIи-батIиял ВУЗазул студентаз музыкалиял церерахъиназдалъунги баркана художникасда иргадулаб шапакъат.

Шамай ХЪАЗАНБИЕВА.

# Реформабазул хIасил

## Школазда гьарулел хиса-басияздe ахирго гьечIо

Реформаби гьариялъул аслияб мурад буго дунялалъул лъай кьеязул къагIидабазул анцIго бакIалда гьоркьобе Россияги ккезаби. Гьелъие гIоло гьарулел хиса-басиязул хIасилалда цIигьарулел руго лъайкьеялъул къагIидабиги, технологиялги, гьединго цIалулъ хIалтIизарулел руго тарихазулал технологиял. Гьелда бан, 2019 соналда школалъул лъай- кьеялда ккезе руго гьадинал хиса-басиял:

ТIоцебесеб иргаялда, хисизабуна федералияб министерство: РФялъул Лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министерство бикьана кIийиде – гIуцIана Просвещениялъул ва ГIелмуялъулгун тIадегIанаб лъайкьеялъул министерстваби. Просвещениялъул министерствоялда тIалъула гIаммабги гьоркьохъебги лъайкьеялъул рахъалъ пачалихъияб политика гIумруялде бахъинаби. ГIелмуялъулгун тIадегIанаб лъайкьеялъул министерствоялъ жаваб кьезе ккола гIелмиябгун техникиябги инновациялъулабги хIаракатазул. МухIкан гьарун руго щибаб министерствоялда церечIарал стратегиял масъалабиги. ЕГЭялда хиса-басиял ТIадкъаязда гьоркьоб буго цIияги – 21-абилеб номералда гьоркь. Гьелъул хIасилалда хал гьабизе буго пуланаб текстталда ругел тIанкIазулгун запятаязул анализ гьабизе цIалдохъанасул бажари. Хисизабуна кIиабилебги ичIабилелдаса 12-абилелде щвезегIан ругел тIадкъаялги. МухIкан гьабуна ахирисеб тIадкъаялъулги гьелъие лъолеб къиматалъулги къагIида. ГIаммаб къагIидаялда цIикIкIинаруна битIун хъваялъулгун пунктуациялъул лъай хал гьабулел тIадкъаял. Адабиятаалъул ЕГЭялдаги мухIкан гьарун руго гIатIидаб жавабалъе къимат кьеялъул критериял. Биологиялъул кIиабилеб тесталъул бакIалда (гьелъухъ щолаан кIиго балл) лъун буго таблицагун цадахъ бугеб тIадкъай. Гьеб битIун гьабурав цIалдохъанасе щвезе буго цо балл. Хисизарун руго къватIисеб улкаялъул мацIалъул №40 тIадкъайги гьелъухъ къимат лъеялъул критерийги. ЦIалдохъанас тIаса бищизе ккола тема ва хъвазе ккола гьелде рекъон кколеб гIатIидаб жаваб, ай жиндирго пикру. МухIкан гьарун руго обществознаниялъул №25, №28, №29 тIадкъаял. №25 тIадкъаялъухъ гьанже кьола ункъо балл. Историялъул ЕГЭялъул хисизабун буго №21 тIадкъай. ЦIигьарун руго хIалтIул хъвай-хъвагIай гьабулеб къагIидаги. ХисичIого хутIана математикаялъул суа- лал. Амма 2019 соналдаса нахъе цIалдохъабаз тIаса бищизе ккола экзаменалъул цо даража – яги базовияб ялъуни профилияб. ЗахIматал масъалаби тIуразарун бажаричIев цIалдохъанасул рес буго бигьаяб вариант тIаса бищизе. Школалъул хIалтIулъ хиса-басиял ГIурус мацIалъул хIасилияб гара-чIвари гьабуна чара гьечIеблъун. ГIицIго гьелъул хIасилалда рекъон, ичIго класс лъугIарав цIалдохъанасе ихтияр кьола пачалихъиял экзаменазда гIахьаллъизе. Лъайкьеялъул даражаялъул миллияб хал гьабиялда рекъон, улкаялдаго тIобитIизе буго физкультураялъул дарсал кьеялъул къагIидабазулги, методикабазулги, цIалдохъабазе секциязде хьвадизе кьолел ресазулги ва цогидалъулги. Хал гьабизе буго ФГОСазде рекъон кколеб хIадурлъи бугищалиги цIалдохъабазул. БукIине буго астрономиялъул тIолгороссиялъул контролияб хIалтIи. МухIканго чIезабун гьечIо гьелъул къо. Хадубккун ракIалда буго астрономиялъул суалалги физикаялъул ЕГЭялда гьорлъе ккезаризе. Педагогазул хIалтIулъ хиса-басиял 2018 соналъул лъабабилеб июлалда къабул гьабураб №188 федералияб законалда рекъон, ЕГЭялдаги ОГЭялдаги гIахьаллъарал учительзабазе кьезе буго харж. Гьелъул къадар чIезабула регионалъул нухмалъиялъ. 2019 соналдаса нахъе гьукъун буго пенсиялде ине заман гIагарлъарал учительзаби хIалтIудаса нахъе ритIизеги хIалтIуде росичIого тезеги. Гьединаб хIужа тIатараб школалъул директорасухъа бахъизе буго, 200000 гъуршил гIакIа. Пенсиялде ине заман гIагарлъаравлъун рикIкIуна щуго соналдаса пенсиялде унев чи. РФялъул ЗахIматалъул министерствоялъ 2018 соналъул 24 августалда тасдикъ гьабураб №550 буюрухъалда рекъон, 2019 соналдаса нахъе учителасул бищун дагьаб харжлъун ккола 11280 гъуруш. Педагогасул харж букIине бегьуларо МРОТалдаса дагьаб. ГIарцухъ лъайкьей Улкаялъул конституциялда рекъон, Россиялъул щибаб лъимадул ихтияр буго чIобого лъай босизе. Амма 2019 соналдаса нахъе байбихьула лъайкьеялъул хъулухъал гIарцухъ гьариги. Гьелда бан, улкаялъул нухмалъиялъ гьабсагIаталда хиса-басиял гьарун руго гIицIго учителасе харжал кьеялъул рахъалъ. Масала, лъай камил гьабиялъул курсазда вукIарав ва сертификат кодоб бугев учителасул харжалде тIаде 20 процент жубазе бегьула. 2019 соналдаса нахъе цIалдохъабаз тIаса бищизе ккола экзаменалъул цо даража – яги базовияб ялъуни профилияб, 27 февралалдаса 25 марталде щвезегIан «Яндекс. Учебник» абураб интернет-сурсаталъ тIобитIулеб буго 1-4 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб «Дие бокьула математика» абураб онлайн-олимпиада. Гьелъул официалияб сайталда https:// ya.olimpiada.ru хъвай-хъвагIайги гьабун, цIалдохъабаз тIуразаризе ккола тIадкъаял. 25 марталда гьаризе руго гьелъул хIасилал. Щивав гIахьалчиясе кьезе буго грамотаги призги. МухIканал баянал ралагьизе бегьула олимпиадаялъул сайталдаса.



**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 21 (7370)
Хамиз
16 Май 2019 сон

3 гьумер

# С а д о в о д

**Страница в номере**




# Владимир Васильев совершил облёт на вертолете ряда районов, пострадавших от ЧС



В воскресенье, 12 мая, Глава Республики Дагестан Владимир Васильев совершил на вертолете облёт ряда муниципальных образований республики, наиболее пострадавших от ливневой стихии и селевых потоков, разразившейся 9 мая.

Главу республики в поездке сопровождали Руководитель Администрации Главы и Правительства РД Владимир Иванов, министр транспорта и дорожного хозяйства РД Ширухан Гаджимурадов, министр экологии и природных ресурсов РД Набиюла Карачаев, зам. руководителя ГУ МЧС России по РД Олег Халилов, главы Ботлихского и Гумбетовского районов Магомед Патхулаев и Хаджимурад Магомедов.

Владимир Васильев лично ознакомился с наиболее пострадавшими от стихии объектами. Это участки дорог, линии электропередач, жилые дома и т.д.

Уже затем в здании Правительства РД Глава Дагестана подвел итоги облёта с участием Председателя Правительства РД Артёма Здунова, Руководителя Администрации Главы и Правительства РД Владимира Иванова, вице-премьеров Правительства, ряда руководителей министерств и ведомств.

## **Постановление**:
## «О введении особого противопожарного режима на территории МО «Унцукульский район»




В соответствии с постановлением Правительства Российской Федерации от 25.04.2012 г. № 390 «О противопожарном режиме», приказом Министерства природных ресурсов и экологии РФ от 06.09.2016 № 457 «Об утверждении порядка ограничения пребывания граждан в лесах въезда и выезда в них транспортных средств, проведения определенных видов работ в целях обеспечения санитарной безопасности в лесах», и в связи с установлением 4 – высокой и 5 – чрезвычайно высокой классов пожарной опасности, в целях предупреждения пожаров и чрезвычайной пожарной опасности, глава МО «Унцукульский район» - И. М. Нурмагомедов постановил:

1. Установить на территории МО «Унцукульский район» с 7 июля 2017 года и до последующего распоряжения – особый противопожарный режим;
2. Рекомендовать:

2.1.Главам сельских поселений:
- ограничить посещение гражданами лесов, въезд в них транспорта и проведение в них опасных видов работ, закрыть имеющиеся шлагбаумы;
- организовать патрулирование добровольных пожарных при МО сельских поселений совместно с УУП полиции и лесными инспекторами на, опасных возникновению лесных пожаров, участках лесов;
- очистить от горючих материалов, строительных отходов, сухой травы, мусора подходы к жилым домам и лесным участкам;
- запретить разведение костров, сжигание мусора и сухой травы на всей территории сельских поселений и предупредить об этом лиц, проживающих на хуторах;
- обеспечить средствами пожаротушения добровольные пожарные команды в соответствии с численностью персонала и предупредить их о готовности по «Плану тушения лесных пожаров на территории ГКУ «Гунибское лесничество» на период пожароопасного сезона 2018 г.,

2.2.Предложить руководителю ГКУ «Гунибское лесничество» (Магомедов В. К.):
- организовать дополнительное патрулирование лесных инспекторов совместно с добровольными пожарными при МО сельских поселений и УПП полиции на, опасных возникновению лесных пожаров, участках лесов;
- привести в повышенную готовность силы и средства, включенные в «План тушения лесных пожаров на территории ГКУ «Гунибское лесничество» на пожароопасный период 2018 г.,
- организовать установление плакатов с информацией о запрете пребывания граждан в лесах;

2.3. Предложить Начальнику ОМВД России по Унцукульскому району (Магомедов М.Б
- организовать совместно с лесными инспекторами и представителями сельских поселений патрулирование на опасных территориях и привлекать к ответственности лиц, совершивших нарушения лесного и природоохранного законодательства. Ознакомить с постановлением всех УПП по району;

3. Начальнику ОНД ГУ МЧС РФ по РД в Унцукульском районе (Магомедов А.А.) применить право административного воздействия на нарушителей «Правил пожарной безопасности» в период действия особого противопожарного режима.

# Семинар-совещание по сбору налогов

Во вторник, 14 мая, на базе Дагестанского государственного университета народного хозяйства стартовал семинар-совещание с главами муниципальных образований региона. В нём приняли участие Председатель Правительства РД Артём Здунов и Руководитель Администрации Главы и Правительства РД Владимир Иванов. Центральный вопрос обсуждения - повышение качества работы муниципальных образований республики по сбору налогов. В работе семинар-совещания принял участие и глава Унцукульского района Иса Нурмагомедов с первым заместителем главы по финансам и экономике Сиражудином Арулмагомедовым.

Работа состоит из трех частей: пленарное заседание, работа в группах и повторное пленарное заседание. В одну команду входят глава муниципального образования, заместитель по экономике, председатель муниципального Собрания депутатов, представитель налоговой службы, который курирует муниципальное образование, а также один из победителей кадрового конкурса «Мой Дагестан». Участники мероприятия обсуждают те проблемы, которые мешают организации на местах работы по увеличению налоговой базы и собственных доходов.

Задача семинар-совещания – разработать и экспертно обсудить «дорожную карту» по мобилизации шести ключевых налогов, которые формируют муниципальный бюджет.

В своём выступлении председатель правительства РД Артём Здунов отметил, что когда в одной группе работают и главы МО, и министры, представители правоохранительных органов, прокуратуры, налоговой службы, это даёт положительный эффект.

«Так, в прошлом году удалось значительно повысить собственные доходы. Это позволило в этом году заняться мелиорацией, водообеспечением, социальными вопросами. Задача на среднесрочную перспективу – войти в двадцатку бюджетов по собственным доходам на душу населения. По крайней мере, этот показатель нужно увеличить к 2025 году в два раза по сравнению с 2018-тым. В этой работе будут задействованы все заинтересованные структуры, и в, первую очередь, главы муниципальных образований», - подчеркнул премьер-министр.



После пленарной части стартовала работа в группах. Она была поделена на несколько этапов: анализ текущей ситуации, постановка проблемы и задач от представителя налоговой службы, постановка проблемы и задач от эксперта, принятие решений по поднятым вопросам.

Вторая часть семинара-совещания пройдет завтра в Кизляре, где состоится проектная сессия по реализации муниципальными образованиями Дагестана программы «Формирование комфортной городской среды». Кроме того, запланирован ряд семинаров-совещаний по обеспечению безопасного водоснабжения и реализации в 2019 году программы по модернизации систем водоснабжения, управлению энергообеспечением в муниципальных образованиях и реализации в текущем году программы «Земский доктор».

# «Шагьру - Рамазаналъул» ифтарал




Унсоколо районалда ахирияб заманалда гІадатлъун лъугьун буго хирияб Рамазан моцІ унеб заманалда «Шагьру Рамазан» абураб щибаб санайил тІобитІулеб культуриябгун лъикІлъи гьабиялъул проект гІуцІадго гІумроялде бахъинаби. Аслияб къагІидаялда арал саназ гьеб гьабизе байбихьана Унсоколо росдал гІадамаз. Гьаб соналда гьеб Аллагьасе бокьулеб ишалде гьорлъе лъугьана киса-кирего гІадин Майданское, ГІашилтІа, Рихьуни, цІидасанги Унсоколо. Гьединалго бакІал руго АхІулгохІил комплексалда гьоркьехун, Заманалъул поселокалда, Унсоколо росдада гьоркь ва цогидалги бакІазда. БакІазул рукІарал гІадатазда рекъон гьеб гьабулеб буго росабазул администрациябаз ва жалго гІадатиял гІадамаз.

Щибаб санайилго кІалал риччазе гьенир гІадамал чІола Хунзахъ, Хьаргаби, ГІахьвахъ, Болъихъ, ЦІумада районазде унел. Нухазда лъикІал квеналгун дугІа-алхІамгун гьезда дандчІвай гьабула нилъер гІадамаз. Гьелъ иман, гьудуллъи щула гьаби гуребги гІадамал гІаданлъиялде куцула.

Хъизаналъул къоялде

# Тарбия щвараб хъизан

ЦІатІанихъ росулъа Жамалудиновазул хъизан районалдаго лъикІаздасан цояб ккола. ГьитІин Жамалудиновасул хъизан буго лъимал гІемераб, хъизаналда вуго 11 лъимер – лъабго васги микьго ясги. Лъималазул лъималазул къадар бахуна 34 чиясде.

Лъимал гІемераб хъизаналъул эмен хвана 2004 соналда. Гьев вукІана тарихчи, хІалтІана 45 соналъ. ЗахІматалъул нух байбихьана чачаназул цо районалда историялъул учительлъун хІалтІулаго. ГІемерал саназ директорлъун хІалтІана гІагараб ЦІатІанихъ росулъ, росулъ Индираца ва ГІайнаица лъугІизабуна пачалихъияб университет. Индира хІалтІулей йиго ясли-ахикь, ГІайнаъ абуни ккола Богатыревка поселокалъул ясли-ахалъул заведущая. Вас Жамалудин ккола ЦІатІанихъ школалъул математик ва завуч. Гьединго Хасавюрталда юкъарухъанлъун йиго Лейля, Написат ккола байбихьул класазул учительница.

Хъизаналда эменго гІадинал педагогал рахъана щугоял. ХІажимурадица абуни лъугІизабуна бакІал раялъул техникум, МухІамад ккола «село ЦІатІанихъ» МОялъул бетІерасул зам.



бищунго лъай ва къадру-къимат бугездаса цояв вукІана гьев. ГьитІинил хъизан ва гІемерлъималазул эбел ккола Айиза ЩугІайбова. Росулъ гІумро гьабулей гьей гІемерал саназ хІалтІана бухгалтерлъун.

КІудияб хъизаналда тІоцее гьаюрай ккола Халипат. Гьелъие щвана тІадегІанаб лъай ва бухгалтерлъун хІалтІана МахІачхъала шагьаралда. КІиабилей Асиятица лъугІизабула ДГПУ ва хІалтІулей йиго росулъ учительницалъун. Лъабабилей Хатимат Жамалудинова ккола росдал культурияб рукъалъул директор. Равзатица лъугІизабула медицинаялъул колледж ва Хасавюрталда акушер-гинекологлъун хІалтІулей йиго. Жамалудиновазул хъизаналда тІоцеесей ясалъул Халипатил вас Мурад ккола педагогикияб гІелмабазул кандидат, хІалтІулев вуго Питералда.

Праздниказда дандеруссуна хъизаналъул членал, цадахъ кІодо гьарула жалго гьарурал къоял, рохел-къварилъи. Гьеб буго цоцалъ гъункараб хъизан.

Щивасе хъизан ккола мугъ чІвалеб къуват, эбел-эмен абуни гІумроялда аслиял гІадамал. Гьез жалго къурбан гьарула лъималазе гІоло, кинабго кьола гьезие. Гьедин щивасе эбел-инсул рукъ лъугьуна аслияб чІеллъун ва кІочонареб галанлъун.

## НурмухІамадов МухІамадзагьид НурмухІамадович



2019 соналда 13 маялда 83 сонил гІумроялда нилъедаса ватІалъана ракІ бацІадав ва лъикІав инсан НурмухІамадов МухІамадзагьид НурмухІамадович.

МухІамадзагьид гьавуна 1936 соналъул 28 декабралда Унсоколо районалъул Унсоколо росулъ векьарухъанасул хъизамалда. Росулъ 8 го классги лъугІизабун 1954 соналда МухІамадзагьид хІалтІизе лъугьуна художественнияб фабрикаялде ва цадахъго заочно цІалун лъигІизабула 10 класс.

1956 – 1959 саназда гьес хъулухъ гьабула Советияб армиялда.

1964 соналда цІализе лъугьуна Краснодаралъул педагогияб институталде, естественно – географическияб факультеталде.

1967 – 1972 соназда хІалтІана Унсоколо № 1 школалда географиялъул ва биологиялъул учительлъун. 1976 – 1997 соназ хІалтІана Унсоколо райкомалъул пропагандаялъул ва агитациялъул отделалъул инструкторлъун. 1985 – 1997 соназ хІалтІана халкъияб лъай кьеялъул Управлениялда начальниклъун ва 1997 соналдаса хадуб директорлъи гьабуна Унсоколо лъималазул творческияб рукъалъе.

Кинаб хІалтІуда вугониги НурмухІамадовас бихьизабуна бажари, лъай, хІалтІуде бугеб рокьи гьира, ишалдехун жавабчилъи.

Гьев вукІана хІалбихьи бугев, кІвахІ гьечІого ракІ унтун гІадамазе, халкъалъе пайда гьабизе хІадурав инсан.

РакІ бацІадаб хІалтІуе гІоло НурмухІамадов мустахІикълъана «Почетный работник общей средней образовании», Заслуженный учитель школ республики Дагестан» - абурал хІурматиял цІаразе, руго рикІкІен гІемерал грамотаби.

Лъай кьеялъул Управлениялъул киналго хІалтІухъабаз гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго гьесул лъималазда ва гІагарлъиялда **МухІамадзагьид** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас алжан насиб гьабун батайги гьесие!

## Заргьалаева Нуцалай МухІамадовна

Гьаб соналъул 14 маялда МахІачхъала-Буйнакск нухда ккараб авариялъул хІасилалда маршруткаялда цІа рекІун балагьаб куцалда нилъедаса ятІалъана ракІ лъикІай инсан, мухІканай хІалтІухъан Заргьалаева Нуцалай МухІамадовна.

Заргьалаева Нуцалай гьаюна 1967 соналъул 14 июлалда Унсоколо районалъул Рихьуни росулъ хъулухъчиясул хъизаналда. 1984 соналда лъугІана росулъ бугеб гьоркьохъеб школа ва цІализе лъугьана ДГПИялде школалъул гІумроялде рахинчІезул факультеталде. Гьебги лъугІизабун хІалтІана росулъ бугеб «Фиалка» ясли-ахикь тарбия кьолеб чІужулъун. Коллективалда гьоркьой йикІана гІодое йиччарай, хІалтІи лъалей, намус-яхІ бугейлъун.

Районалъул халкъияб лъай кьеялъул отделалъул хІалтІухъабаз, профсоюзалъул комитеталъ гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго **Нуцалай** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан, гьелъул гІагарлъиялда.

Аллагьас гьелъие алжан насиб гьабун батаги!

### ЛЪАЗАБИЯЛ

1995 соналда Унсоколо № 1 школалъ МухІамадгІалиев МухІамад АхІмадовичасул цІаралда кьураб № А 114189 бугеб гьоркьохъеб лъаялъул аттестат билун буго. Жакъаялдаса гьеб хІакъикъияб гуреблъун рикІкІуна.

* * *

2002 соналъ Унсоколо № 1 гьоркьохъеб школалъ Дайитбегов МухІамадшарип Малачиевичасул цІаралда кьураб, № А 9242683 бугеб аттестат билун буго. Жакъа къоялдаса нахъе гьеб хІакъикъияб гуреблъун рикІкІуна.

Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района
Главный редактор
КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД
Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 15 . 05. 19 г. 16. 00
фактически -16. 30 мин.
.........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.